


Kisa yon Lp(a) ye?

- Lp(a) vle di lipopwoteyin (a) epi li pwononse "lipopwoteyin ti a." Se yon tip lipopwoteyin ki transmèt atravè fanmi yo epi se yon faktè risk ki kouran pou maladi kè.
- Imajine san w se tankou yon rivyè k ap koule nan kò w, ki gen bato ki rele lipopwoteyin ki transpòte kolestewòl ak sibstans similè yo. Ni lipopwoteyin (a) [Lp(a)] ak lipopwoteyin fèb dansite (LDL), oswa "mo" kolestewòl, genyen yon pasaje ki rele ApoB-100, men Lp(a) genyen yon pasaje anplis ki rele Apo (a). Si genyen twòp bato Lp(a) nan san w, yo ka kole nan pawa veso sangen yo, sa ki rann rivyè a vin retresi epi pi difisil pou san an byen sikile. Doktè yo verifye Lp(a) paske lè genyen twòp sa ka ogmante risk ou genyen pou fè maladi kè.
- Nivo Lp(a) ki elve yo afekte **apeprè 1 nan 5 moun** nan tout monn lan.



Poukisa Mwen Ta dwe konnen nimewo Lp(a) mwen an?

- Yon nivo Lp(a) ki elve ka lakoz akimilasyon plak, sa ki retresi ak redwi sikilasyon san. Li ogmante tou enflamasyon ak kayo san, sa ki fè li pi difisil pou kayo yo fonn, ki ka Mennen ripti plak la. Ni akimilasyon plak ak ripti ka vin lakoz blokaj sikilasyon san nan ògàn vital yo tankou kè a, sèvo, ren yo, ak poumon yo.
- Yon Lp(a) **50 mg/dL (oswa ≥ 125 nmol/L) oswa plis** ogmante risk ou genyen pou fè kriz kadyak, estwòk, maladi atè periferik (PAD), estenoz awòtik ak lòt kondisyon kè yo.

Anpil moun pa genyen sentòm.

Ou ka genyen Lp(a) ki elve menm si ou genyen yon mòdvi ki an sante epi menm si ou jere lòt risk maladi kè yo. Pale ak doktè ou an si genyen:

- Istwa familyal oswa istwa pèsònèl maladi kè prematire (ki vle di mwens pase 45 pou gason epi mwens pase 55 pou fi)
- Istwa familyal yo konnen pou Lp(a) ki elve
- Dyagnostik ipèkolestewolemi (FH) - kondisyon ereditè kote san an pa byen resikle kolestewòl LDL la

Èske genyen lòt faktè ki mete m arisk pou fè Lp(a) ki elve?

- **Etnisite** – Alafwa moun nwa ki desandan Afriken ak popilasyon Azi Sidès yo souvan genyen nivo Lp(a) ki pi elve yo.
- **Jenetik** – Nivo Lp(a) ou an plis jenetik, men kèk kondisyon ka ogmante nivo w tankou dyabèt, maladi ren kwonik, ak apre menopoz.

Si yon manm fanmi pwòch genyen Lp(a), li enpòtan pou fè tès epi ankouraje lòt manm fanmi yo tankou paran, frè/sè, ak timoun yo pou fè menm bagay la. Mande doktè ou an enfòmasyon sou opsyon tès jenetik yo tankou [depistaj an kaskad](#)

Kisa m ka fè si mwen genyen Lp(a) ki elve?

Byenke chanjman nan mòdvi yo pa ka bese nivo Lp(a), li enpòtan pou bese risk jeneral ou pou fè maladi kè pandan w ap:

							
pran medikaman yo jan yo preskri a	jere faktè risk yo, sitou "move" kolestewòl LDL	manje yon rejim alimantè ki bon pou sante	rete fizikman aktif	jere yon pwa ki bon pou sante	sispann konsome tabak	limite konsomasyon alkòl	dòmi ase

Pale ak pwofesyonèl swen sante ou an konsènan Lp(a) ak fason pou redwi risk ou genyen pou fè maladi kè alavni ak estwòk.

Aprann plis sou heart.org/lpa